

Fè fas ak rayisman ak prejje nan lekòl yo: Kesyon & Repons

Lekòl yo gen obligasyon pou pran mezi pou anpeche ensidan rayisman.

Asèlman ak anbetman ki baze sou rayisman entèdi nan lekòl Massachusetts. Lekòl yo dwe fè ankèt sou ensidan yo sispèk, reponn yon fason ki efikas, epi pran mezi pozitif pou kreye yon klima eskolè kote tout elèv santi yo an sekirite, jwenn sipò epi yo respekte.

Poukisa li entèdi pou fè asèlman ak anbetman selon lalwa?

- Asèlman se yon konpòtman ki ap pede fèt epi ki vize, kote y ap annuiye oswa deranje anviwònman eskolè a.
- Anbetman gen ladan l nenpòt konpòtman ki kreye oswa ki ede kreye yon anviwònman ki kreye laperèz oswa ki danjere pou yon elèv akoz ras, koulè, reliyon, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oswa oryantasyon seksyèl.
- Asèlman ak anbetman kapab pran plizyè fòm, li gen ladan l deklarasyon vèbal, aktivite anliy oswa sou rezo sosyal, ekri sou mi, vyolans oswa konpòtman fizik menasan.

Kilè lekòl la dwe fè ankèt?

- Lè lekòl la sispèk gen yon ensidan rayisab, li dwe fè ankèt pou detèmine si yon elev te asele oswa anbete.
- Lekòl la responsab pou li jere ka asèlman oswa anbetman menm le li pa te jwen infomasyon an nan yon fason ki fòmèl.
- Epitou, lekòl la dwe konsidere si yon ensidan enplike yon konpòtman kriminèl ki grav ase pou yo sinyale l bay fòs lòd yo pou envestigasyon. Men, yo pa dwe enplike fòs lòd yo nan pwoblèm disiplin tradisyonèl nan lekòl yo.

Kisa lekòl yo dwe fè pou fè fas ak ensidan rayisab?

- Si lekòl la detèmine gen asèlman oswa anbetman ki fèt, li dwe suiv etap sa yo:
 - Kanpe konpòtman ki lakòz pwoblèm la epi anpeche l refèt,
 - Pran mezi konkèr pou asire sekirite viktim lan,
 - Epi retabli klima sekirite nan lekòl la.
- Selon sikonstans yo, lekòl la ka bezwen chanje politik oswa pwosedi li yo, oswa mete sou pye pwogram fòmasyon oswa edikasyon pou reponn yon fason efikas.
- Lekòl yo dwe itilize yon apwòch ki ekilibre pou discipline.
 - Yon bò, lè nou itilize mezi disiplin ki pa apwopriye li ka lakòz move konpòtman an kontinye oswa reparèt.
 - Yon lòt bò, lekòl yo dwe asire yo mezi disiplin yo legal epi apwopriye.
 - Espesyalman, lekòl yo dwe konsidere mezi altènatif yo avèk prekosyon anvan yo sispann oswa mete yon elèv deyò nan lekòl la. Pa egzanp, selon kèk sikonstans, lè nou mete sou pye pratik restorativ yo avèk prekosyon li ka yon fason ki pi efikas pou kanpe move konpòtman yo olye nou mete elèv la deyò lekòl la.

Fè fas ak rayisman ak prejje nan lekòl yo: Kesyon & Repons

Kisa nou dwe fè pou konpòtman ki pa fèt sou pwopriyete lekòl la?

- Lekòl la responsab pou jere ensidan ki fèt nan lekòl la, oswa evènman ki gen rapò nan lekòl la, tankou nan bis lekòl yo.
- Epitou, lekòl la responsab pou ka asèlman ak anbetman ki pase "andeyò kanpis" la ki gen yon gwo enpak sou moun nan lekòl la ki sibi enpak la.

E pou sa ki konsène Pwemye Amannman an sou pwoteksyon dwa lapawòl elèv la?

- Elèv yo gen dwa pou eksprime yo, bay opinyon yo, epi mete rad ekspresif, nan yon sèten limit, epi lekòl la dwe respekte dwa elèv la genyen pou li di sa l panse epi bay opinyon l.
- Sepandan, Pwemye Amannman an pa bay pwoteksyon nan kad asèlman ak anbetman paske anpil fwa li enplike yon konpòtman olye yon diskou, ki vyole dwa lòt moun, oswa ki deranje yon fason ki grav anwiwònman eskolè a.

Ki mezi pozitif lekòl la dwe suiv pou anpeche rayisman?

- Lwa nan eta yo egzije pou lekòl yo suiv etap afimatif pou kreye yon klima eskolè pozitif kote tout elèv santi yo an sekirite, jwenn sipò epi respekte.
- Lekòl yo dwe mete sou pye pwogram prevansyon kont asèlman pou tout elèv ansanm ak règleman, politik ak pwosedi pou konbat asèlman ak tizonnay. Lekòl yo dwe mete etap espesifik pou ede elèv ki gen anpil chans pou vin yon sib asèlman oswa anbetman akoz patipri oswa rayisman.



Massachusetts Attorney General Andrea Joy Campbell